



# Geni de Tou lè Jou

## Pran vol

Eseye senp volan sa yo ak bagay ke ou jwenn lakay ou sèlman.

### Hoop Gliders

#### Kisa ke ou bezwen:

- Chalimo
- Papye katon (papye konstiksyon, kat endèks, kat postal)
- Sizo
- Tep



#### Bagay pou Eseye:

- Kisa ki pase lè ou mete plis ron nan chalimo an?
- Kisa ki pase lè chalimo an pi long?


#### Kisa pou fè:

1. Koupe yon moso papye an bann ki mezire 1" laj pa 5" long. W'ap bezwen 3 bann pou chak hoop glider.
2. Fèmen 1 bann papye an ron epi tepe chak pwent yo ansanm.
3. Fè yon pi gwo ron lè ou mete 2 bann papye ansanm nan pwent yo epi fè yo ron ak yo.
4. Tepr de ron yo nan chak pwent chalimo an, kenbe chalimo an anndan ron yo. Fè an sòt ki de ron yo aliyen.
5. Voye hoop glider a lè ou kenbe li nan mitan chalimo an epi ou voye li tankou ou ta voye yon avyon papye.

### Flutter Fish

#### Kisa ke ou bezwen:

- Papye
- Sizo
- Règ



#### Bagay pou Eseye:

- Eseye diferan lajè ak longè papye an. Eske ou kapab fè li vire pi vit? Eske ou kapab fè li vole pi dousman?

#### Kisa pou fè:

1. Koupe yon moso papye ki mezire 1" laj pa 6" long.
2. Mezire 1" de fen papye an e koupe la a 1/2".
3. Mezire 1" de kote opoze papye an e koupe li yon dezyèm fwa a 1/2 nan kote opoze an.
4. Tòdye papye an e glise de sa ou koupe yo pou fè yon pwason.
5. Kenbe li nan lè e lage li.